

<input type="radio"/> Senin	<input type="radio"/> Selasa	<input type="radio"/> Rabu	<input checked="" type="radio"/> Kamis	<input type="radio"/> Jumat	<input type="radio"/> Sabtu	<input type="radio"/> Minggu									
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16
17	18	19	20	21	22	23	24	25	26	27	28	29	30	31	
<input type="radio"/> Jan	<input type="radio"/> Feb	<input type="radio"/> Mar	<input checked="" type="radio"/> Apr	<input type="radio"/> Mei	<input type="radio"/> Jun	<input type="radio"/> Jul	<input type="radio"/> Ags	<input type="radio"/> Sep	<input type="radio"/> Okt	<input type="radio"/> Nov	<input type="radio"/> Des				

KOLOM

Karya Sastra Para Pamingpin Sunda

Ku Djasepudin

Para pamingpin di tatar Sunda saenyana lain bae para birokrat nu ngagugulung pamarentahan. Lain ti ebrehan angen-angen, arinyana ge ngajadikeun seni jeung sastra Sunda minangka media hiburan jeung rawayan dina nepikeun pesen ka abdi dalem katut rahayatna.

Para bupati, panghulu, patih, jaksa, wedana, atawa abdi dalem mikacinta sarta maher ibing, penca, tembang, sarta seni jeung sastra Sunda lianna. Jiwa kasenianana ge terbuka, enya narima karia pangaruh sosial-budaya nu jol ti luar ranah Sunda. Salian Islam, luyu jeung padeukeutna geografis, nya kabudayaan Jawa kacida mangaruhanana kana kamekaran seni jeung sastra Sunda. Dina ieu tataran, saenyana modernisasi dina kabudayaan Sunda ti baheula mula geus lumangsung kalayan nyata.

Di antara pamingpin Sunda nu tabah kana karya seni, pangpangna sastra Sunda, paling henteu aya opat ngaran nu kakoncara. Arinyana nyaeta manten Bupati Bandung RAA Martanagara, manten Bupati Sumedang Pangeran Aria Suriatmaja, manten Panghulu Besar (Hoofd Panghoeloe) Limbangan RH Muhammad Musa, sarta manten Panghulu Besar Bandung Haji Hasan Mustapa.

Lian alam jeung lingkunganana banget ngarajong, oge alatan kalangenan, tekad, jeung komitmen arinyana dina ngaraksa-ngariksa seni budaya Sunda. Bupati RAA Martanagara, upamana, bakating ku kacinta kana seni-budaya Sunda, sabagian rohng pendapa Kabupaten Bandung dihususkeun pikeun aktivitas kasenian, nu dingaranan 'Bale Kabudayaan Priangan'.

Malah, birokrat terah Sumedang nu nanjung di Bandung, ieu ge ku sabagian masarakat Sunda leuwih dipiwano minangka seniman Sunda batan nagarawan. Padahal, mangsa pamarentahan di Kabupaten Bandung leuwih ti 25 tahun (1893-1918).

RAA Martanagara, nu lahir di Cipada Wetan (Sumedang) 9 Februari 1845, jiwa kasenianana mimiti mekar nalika inyana nyuprih pangarti di Semarang. Salah sahiji karya emasna nyaeta Wawacan Batara Rama (WBR), hiji naskah beunang ngaropea tina naskah basa Jawa Serat Rama (SR).

Nurutkeun ahli filologi Dr Kalsum M Hum, naskah SR ge beunang ngaropea tina carita Kakawin Ramayana (KR). Anggang mangsa ti KR ka SR leuwih ti 10 abad. Anapon SR ka WBR anggang mangsana kurang leuwih 2 abad. Tanwande, WBR mibanda ciri mandiri di sababaraha segi, di antarana lebah struktur jeung ma'na.

Kalsum netelakeun, wawacan nu mibanda runtuyan pupuh 3027 pada ieu, awal panulisanana waktu pangarang diangkat jadi Bupati Bandung, pangangkatanana tanggal 29 Juni 1893, anapon WBR rengse ditulis 4 Oktober 1897. Naskah nu kakolomkeun jenis mite ieu salian nyaritakeun lalakan Sri Rama, oge medar teosofi tasawuf sarta ngeunaan ilmu pangaweruh dina wanda jeung basa Sunda.

Salian WBR, karya sastra Martanagara lianna nyaeta Wawacan Angling Dama, nu oge diropea tina kasustraan Jawa. Nurutkeun ahli sajarah Prof. Dr. Nina Herlina Lubis, tulisan Martanagara nu kakolomkeun sastra-sajarah nyaeta Babad Sumedang jeung Babad Raden Adipati Aria Martanagara.

Lian Martanagara, nagarawan nu oge seniman nyaeta Pangeran Aria Suriatmaja, bupati tedak Sumedang putera Pangeran Suria Kusumah Dinata (Pangeran Sugih). Pangeran Aria Suriatmaja marentah kabupaten Sumedang 37 tahun (1882-1919). Waktu inyana munggah haji, tanggal 1 Juni 1921 inyana mangkat sarta dikurebkeun di Ma'alla Makkah, nya inyana kawentar ku sebutan Pangeran Mekah.

Karyana nu kakoncara nyaeta Ditiung Memeh Hujan, hiji buku ngeunaan perluna pertahanan pribumi. Nurutkeun Nina Lubis, jiwa se-

nina atra katarata waktu Pangeran Aria Suriatmaja seren-sumeren jabatanana ka raina, Tumenggung Kusumadilaga, biantarana ge dina wangun pupuh.

Leuwih ti bupati, para pamingpin Sunda nu maher tur motekar dina mateahkeun ilmu pangaweruh dina sastra Sunda nyaeta para panghulu. Pakar basa jeung sastra Sunda ti Jepang. Mikihiro Moriyama, ngungkabkeun, dina sistem administrasi kolonial, jabatan panghulu nyaeta salah sahiji pangkat pangluhuma pikeun masarakat Bumiputra, meh sadarajat jeung regent atawa bupati, patih, jaksa, jeung wedana. Salah sahiji widang garapanana, cek Mamat Sasmita, nyaeta masjid Agung.

Ku sabab sapoena ngagugulung kaagamaan, nya karya-karyana ge banget liket jeung karya nu ngandung unsur religius Islam. Di antara para panghulu, nu kamashur nyaeta Panghulu Limbangan (ayeuna mah Garut) RH Muhammad Musa, jeung Panghulu Bandung Haji Hasan Mustapa.

Kawas nu dieceskeun ku Moriyama, dumasar nisan makam RH Muhammad Musa di buruan tukang Masjid Agung Garut, Musa lahir taun 1822 sarta mangkat 10 Agustus 1886. Inyana diangkat jadi Hoofd Panghulu taun 1864. Maren tina panghulu teh tepi ka inyana ninggalkeun alam dunya. Inohong nu kacida mangaruhanana kana karir jeung karya Musa nyaeta Karel Frederik Holle (1829-1896). Malah, bakating ku sagulung-sagalang, ku Moriyama mah disebut ge dwitunggal. Sosobatanana meh 30 taun. Musa diajar ngeunaan metodologi jeung kabudayaan Eropa ka Holle, Holle ngaguar jati diri bangsa pribumi ka Musa.

Karya-karya Musa nu geus jadi buku di antarana Wawacan Wulang Krama, Carita Abdurahman jeung Abdurahim, Wawacan Dongeng-dongeng, Wawacan Wulang Murid, Wawacan Lampah Sebar jeung Dongeng-dongeng Pieunteungeun.

Tapi, karya pangutamana mah Wawacan Panji Wulung (WPW). Nurutkeun Moriyama, WPW ditulis taun 1862 sarta mimiti dipedalkeun ku Landsdrukkerij taun 1871. Nurutkeun Ajip Rosidi, WPW kungsi disalin kana basa Jawa ku Pangeran Adipati Aria Mangkunegara IV, laju disalin kana basa Madura. Dina basa Sunda eta karya teh ngalaman sababaraha kali citak ulang.

Bujangga Sunda nu sarua mashuma nyaeta Panghulu Haji Hasan Mustapa (HHM). Ku hade tur karya-karyana, taun 1977 almarhum dileler Hadiah Seni minangka 'Sastrawan daerah Sunda' ku Presiden Republik Indonesia. Ngeunaan karya-karyana bisa dibawa dina Biografi dan Karya Pujangga Haji Hasan Mustapa (1985) karya Tini Kartini, sarta Haji Hasan Mustapa jeung Karya-karyana (1989) karya Ajip Rosidi.

Upama Musa dalit jeung Holle, Mustapa mah dalit jeung Snouck Hurgronje. Nurutkeun Ajip Rosidi, HHM (1268-1348 H atawa 1852-1930) jadi panghulu di Bandung ti bulan September 1895 tepi ka ngajukeun pangsiun taun 1918. Karya-karyana rea ditulis taun 1900-1902.

Hasil panalungtikan Ajip Rosidi, buku karya HHM dina wangun prosa 23 judul, di antarana Bat Adat-adat Urang Priangan jeung Sunda Lianna ti Eta jeung Martabat Tujuh. Anapon dina wangun puisi 71 judul, di antarana Ngagurit Kaburu Burit jeung Hariring nu Hudang Gering. Jumlah dangding nu geus didokumentasikeun nyaeta 10 ribu pada. Anapon tema utama karya-karyana nyaeta ngeunaan Pangeran.

Rea tur hadena karya-karya para pamingpin Sunda baheula nandeskeun arinyana halabhab ku ilmu sarta lapar bahan bacaan. Naha aya pamingpin Sunda kiwari nu nurutan sarta ngalenyepan tapak lacakna? ***

Kolomnis, nganjrek di Bogo & Jatimangor.